# АНСАРЕХ ВОЛУ АБУ АЙЮБ

(Дела реза хуьлийла цунна)

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

ХIара, Кулайбан кIентан Зайдан кIант Халид шен цIе йолу сийдолу асхьаб ву, «Нажжар» тайпанах волу. Абу Айюб олий цIе йоккхура цуьнан; шен схьавалар ансарех долуш а вара иза. Мила ву вайх, хIай бусалбанаш, Абу Айюб Ансари (Дела реза хуьлийла цунна) вовзаза?!

АллахIа Малхбаленна а, Малхбузенна а юккъехь хьалаяьккхина цуьнан цIе, адамашна юкъахь цуьнан сий а айдина Цо, кхиболчу берриге а бусалбанийн цIеношна юккъера цуьнан цIа шена чу сийлахь волу Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) воссаван – иза мухIажир а хилла Ясрибе (Мадинате) кхаьчначу хенахь. Дозалла дан деккъа иза а тоьаш дар-кха цунна.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) керт харжарх, иза оцу керта воссарх лаьцна долу дийцар юх-юха дийца хаза долуш, иштта юх-юха хьехо чомехь долуш (дог догIуш) ду.

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Мадинате дIакхаьчначу хенахь, тIех комаьршачу дегнашца, тера-мера боцчу барамехь тIеэцна хилла веза хьаша цуьнан бахархоша. Цуьнга хьовсийначу бIаьргаша йовхо лора, вовшийн безаш болу нах вовшашка хьаьжча хуьлуш ма-хиллара Мадинатан бахархоша шайн дегнаш дIадиллира цунна, цо царна чохь уггаре еза меттиг дIа а лецира. Цара цунна шайн цIийнойн неIарш а дIайиллира, иза цу чуьра уггаре а лерамечу меттигашка воссийтархьама.

Делахь а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Мадинатна йистерчу Къубаъ олучу кIотарахь, Делах кхерарна тIехь уггаре хьалха доьгIна долу маьждиг дугIуш диъ де даьккхира юьхьанца. Цул тIаьхьа иза шен эмкална тIе а хиъна, Мадинате ваха вуьйлира, ткъа Ясрибан элий цу эмкална кIелхийжира, некъахь иза ларъеш. Царах хIора а вара Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен-шен хIусаме воссарца болу сий-ларам баккха гIерташ.

Цу элех хIораммо а, эмкалан некъ дIа а лоций, олура: «ХIай Делан Элча, накъостий мел дукха белахь а, хIуманаш мел дукха елахь а, уьш йохьуш тхоьгахь-тхоьгахь сацахьара, мел боккхачу кхерамах а кхерамазалла хир яр-кха хьуна». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

цаьрга олура: «Іадйиталаш иза (эмкал), Делан омранца йогІуш ю иза». Ткъа эмкал шен Іалашоне кхаччалц дІайоьдура, шена тІаьхьа уьдуш адамийн бІаьргаш а долуш, ишттта шех хьерчаш дегнаш а долуш. И эмкал шена тІехъяьлла йолу хІусам гІайгІане хуьлура, цаьрга ондда сингаттам а кхочура, ткъа цул тІаьхьа а хІусам сатийсамца хуьлура.

Иштта долчу шен хьолехь, Дала шена дакъа дина волу ирс дерг мила ву хьажа шовкъе болуш, шен лорах богІуш и нах а болуш, дІаяхара эмкал, амма ансарех волчу Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) цІеношна хьалха йолчу цхьана есачу меттиге ша кхаьчча, яхана гораюьйжира иза. Амма Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цунна тІера охьа ца воьссира.

Цул тІаьхьа дукха хан яллале хьала а иккхина, йолаелла дІаяхара и, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнан архаш малйина а волуш. ТІаккха дукха гена ялале сихха шен хьалхарчу лоррах юха а еана, хьалха ша горайоьжначу меттехь юха а гораюьйжира эмкал.

Ансарех волчу Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) дог тІаккха самукъане хилира. Сихха Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІе а хьаьдда, иза шен хІусаме кхайкхира Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна). Ша дуьненан ерриге а хазна йохьуш вогІуш волуш санна, цунна хьалхара цуьнан хІуманаш схьа а эцна, иза а вуьгуш шен хІусам чу вахара и.

***

Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) цІа дара, шена тІехула чардакх (мансарда) а долуш. Цо и чардакх шен а, шен зудчун а хІуманех дассийра, цу чу Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) воссорхьама. Делахь а Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и чоь а йитина, хьалхарчу гІата тІехь йолу чоь хаьржина хилла. Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) цо бохург кхочушдеш, цунна луъуче дІатарвира иза.

Буьйса тІе а еана, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дІавижа шен метта агІорваьлча, Абу Айюб а, цуьнан хІусамнана а чардакх тІе хьаладелира, амма шаьшшиммо цуьнан неІ тІе ма чІеггІинехь, Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна), шен зудчуьнга а хьаьжна, элира: «Дакъаза ма довла вай, вайшиммо динарг?!» Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваьшшинна бухахь а витина, лакхахь соцур дара вайша?! Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІехула доладелла лелар дара вайша?! Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла

цунна) а, Жабраил-маликана а юкъа муха дер ду вайша?! Вайша тIаккха хIаллак хир ма ду…»

Шаьшшиммо хIун дан деза ца хууш, хьере дисира стаггий, зудий. Цаьршинна цхьана а тайпана синтем ца хилира, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIехула нислуш йоцчу цу чардакхан агIон тIе шаьшшиъ нисдаллалц. И шиъ циггахь сецира, чардакхан юкъах лар а луш, цуьнан йистехула меллаша доладалар доцург, кхин меттах а ца долуш. Ша Iуьйренга ма-велли, Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «ВаллахIи, кху буса я сан а, я сан хIусамненан а бIаьрганегIар тIеттIа дахана ма дац». Делера салам-маршалла хиларо хаьттира: «ХIун бахьанехь дара иза, хIай Абу Айюб?!»

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Хьо бухахь а волуш, сой цIийнан буьххьехь хилар дагадеара суна. Сой меттаххьийча, хьуна тIе чан йоссарна кхоьруира со, цул совнах, хьуна а, Делера долчу вахьйуна (Жабраилна а) юкъахь нислора со».

ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга элира: «Хала ма лела, хIай Абу Айюб, тхуна лахахь хилар гIоли ма ду, тхайна тIе нах дукха эхарна».

ТIаккха Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Делан Элчанан омранна кIел сецира со. Амма цхьа шийла буьйса тIееъча, тхан цхьа кхаба йоьхна, цу чуьра хи Iаьннера чардакхан цIенкъи тIе. ТIаккха со а, сан хIусамнана сихонца хина тIехьаьдира. Амма, тхаьшшинна тIетосуш лелош долу цхьа хути кIади доцург, тIекхочехь кхин хIумма а яцара. Делан Элчанна и хи тIекхачарна кхийрина, сихха цу хути кIадица и дакъо дуьйлира тхойша».

Iуьйре хилча, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу охьа а воьссина, аса цуьнга элира: «Сан дай, наний хьайна махина хиларг, хьо сайна бухахь а хуьлуш хьуна тIехула Iар чIогIа ца деза суна». Цул тIаьхьа кхабанах дерг цунна дIадийцира аса. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) чардакх тIе хьалавелира, ткъа со а, сан хIусамнана лаха охьадоьссира».

***

Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) кертахь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхI бутт хан яьккхира, шен эмкал горайоьжначу «Халаъ» олучу меттигехь дугIуш долу маьждиг дина даллалц. ТIаккха иза маьждигна гонах шена а, шен зударшна а йоьгIначу чоьнаш чу

дӀакхелхира. Цунах Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) лулахо хилира. Ма лераме ши лулахо вар-кха и шиъ!

***

Абу Айюбана (Дела реза хуьлийла цунна) Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цӀенчу даггара дукхавийзира, иштта Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу Айюб а (Дела реза хуьлийла цунна) дукхавийзира. Цунна Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) цӀа шен шолгӀа цӀа долуш санна хетара.

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: «Делкъана тов хьийзочу хенахь Абу Бакар вара маьждиге воьдуш, тӀаккха Іумарна (Дела реза хуьлийла цаьршинна) гира иза. Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира: «ХӀай Абу Бакар, кху кхеххачу хенахь хьо аравалар бахьана хӀун ду?!» Абу Бакара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Мацалла йоцург, кхин цхьа а бахьана ма дац со араваьккхинарг». ТӀаккха Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ВаллахӀи, со а ма вац кхидолчу хӀумано араваьккхина».

Иштта и шиъ Іаш а волуш, цаьршинна тӀевеанчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: «Шуьшиъ кху хенахь араваьккхинарг хӀун ду?» Цаьршиммо элира: «ВаллахӀи, тхаьшшинан кийрахь мацалло ницкъ баро бен ара ма ца ваьккхина тхойшиъ». Делера салам-маршалла хиларо элира: «Со а – сан са карахь долчу АллахӀора – кхидолчу хӀумано араваьккхина ма вац. Воло шуьшиъ соьца». Уьш ансарех волчу Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) неӀаре бахара. Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хӀора дийнахь яахӀума дӀаюьллуш хилла, ткъа иза ванза висча, яахӀума шен доьзална дӀалуш хилла цо».

Уьш неӀаре кхаьчча, царна дуьхьал а еана, цуьнан хӀусамнанас аьлла: «АллахӀан пайхамар а, цуьнца цхьаьна берш а марша богӀийла!» ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга хаьттира: «Абу Айюб стенгахь ву?» Шен цӀенна гена йоцчу хурманийн беше хьоьжуш Іаш волу Абу Айюб (Дела реза хуьлийла цунна), шена Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аз ма-хеззи – «Делан Элча марша вогӀийла шеца цхьаьна болчаьрца!» – а бохуш, сихха схьахьаьдира. Юха тӀаьххье элира цо: «ХӀай АллахӀан пайхамар, хьо хӀинццалц вогӀуш хилла йолу хан ма яц хӀара?» ТӀаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «Бакълоь хьо». Цул тӀаьхьа шен хурманийн беша юха дӀа а вахана, екъачу а, хилла евллачу а, ношъялаза йолчу а хурманийн генаш дехира цо.

ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «Ахьа уьш оццул яха лууш вацара со, ахьа цунна кIелхьара екъа йолу хурманаш лахьийна елир-кха». Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ХIай Делан Элча, ахьа царах екъа ерг а, тIеда ерг а, ношъяланза ерг а яа лиир-кха суна, аса иштта цхьана дийнатна урс а хьокхур ду».

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «Нагахь айхьа дехь а, варийлахь, узуш дерг ма делахь».

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна), газанан буьхьиг схьа а лаьцна, цунна урс хьаькхна, шен зудчуьнга элира: «Хьада йоло, бепиг датта вайна. Хьуна дика хуур ду цунах дерг». Цул тIаьхьа буьхьигах ахдакъа схьа а эцна, кхехко диллира цо, ткъа шолгIа ах цо еттира.

ЯахIума схьа а яьлла, Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан шина асхьабана а хьалха охьайиллича, цу буьхьиган жижиган цхьа дакъа чIепIалгана юкъа а диллича, элира: **«ХIай Абу Айюб, хьада воло, сихха хIара дакъа ПетIаматна дIадададе, дукха хан ю цунна хIара саннарг кхачаза».**

ЯахIума йиъна шаьш дуьзча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) са дIатедеш санна, элира: **«Бепиг, жижиг, екъа хурма, хиллаяьлла хурма, ношъялаза хурма…»** Цуьнан бIаьргах хиш доладелира. ТIаккха цо ша аьллачунна тIетуьйхира: **«Сайн са карахь долчух** (АллахIах) **дуй буу аса, баккъалла а, къематдийнахь шуьга шех жоп доьхур долу ниIмат ма ду хIара. Шайна хIара саннарг карадеъча, шаьш цунна тIе шайн куьйгаш кховдочу хенахь, аша алалаш: «Бисмилла́хI** (АллахIан цIарца)**». Иштта, шаьш йиъна девлча, алалаш: «Альхьамду лилла́хIиллази́ хIува ашбаIана́, ва анIама Iалайна́ фа афдола** (Вай дузийна, вайна кхоччуш диканиг дина волчу АллахIна хастам бу)**».**

Цул тIаьхьа хьала а гIеттина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу Айюбега (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Кхана тхьога волалахь».**

Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаммо а дика болх ца бора, цунна цу стагана кхин шозза сов дуьхьал бекхам бан лууш а бен. Амма Абу Айюбана (Дела реза хуьлийла цунна) цо аьлларг ца хезнера. ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) цуьнга элира: «Баккъалла а, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьоьга кхана шайга вола бах, хIай Абу Айюб».

ТӀаккха Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Делан Элчане ладугӀуш а, цунна муьтӀахь а ву-кх со».

Ткъа шолгӀачу дийнахь Абу Айюб (Дела реза хуьлийла цунна) вахара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу. ТӀаккха цо цунна кхиъна яьлла йолу лай совгӀатна елира, хьалха шена гӀуллакхаш деш хилла йолу. Цо цуьнга элира: «Цунна вон ма хилалахь, хӀай Абу Айюб, (тхоьгахь йолчу хенахь) цуьнгара диканиг доцург кхин цхьа а вон хӀума гина дац тхуна».

***

Абу Айюб (Дела реза хуьлийла цунна), шеца и лай а ялош, цӀа веара. Абу Айюбан хӀусамнанас (Дела реза хуьлийла цаьршинна), шена иза магиннехь, хаьттира: «Хьенан ю иза, хӀай Абу Айюб?» Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) жоп делира: «Вайшиннан ю…Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вайшинна совгӀатна елла хӀара».

ТӀаккха хӀусамнанас элира: «СовгӀат динарг ма сийлахь верг ву-кх, цо дина совгӀат а ма лераме ду-кх!»

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Вайшинга цуьнца дика хилла аьлла, весет дина цо».

ТӀаккха хӀусамнанас элира: «Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) весет кхочушдан вайшиммо хӀун дан деза?»

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ВаллахӀи, Делан Элчанан весет, хӀара лай йолчуьра хьалхайитарал а дика долчуьнца вайшинга кхочушдалур ду аьлла ма ца хета суна».

ТӀаккха хӀусамнанас элира: «Нийсачунна тӀе нисви-кх хьо. Дала кхетам бели хьуна…» Цул тӀаьхьа цо иза лай йолчуьра хьалхайитира.

***

ХӀорш ду машаречу хенахь Абу Айюбан (Дела реза хуьлийла цунна) хиллачу дахаран суьртех цхьадерш. ТӀеман хенахь цуьнан хилла долчу дахаран суьрташ хаа хьан аьтто баьлча, хьуна инзаре хӀуманаш гур ма дара. Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) шен дерриге а дахар гӀазотехь дӀадаьхьна, цуьнан хьокъехь аьлла а хилла: «Бусалба наха Делан Элчанан заманера МуӀавиятан замане кхаччалц бинчу тӀамна юкъара ца ваьлла иза, ша цул доккхачунна араваьлла висча а бен».

Цо тӀаьххьара динарг дара, МуӀавията (Дела реза хуьлийла цунна) Константинополь йоккхуш, шен кӀант Язид коьрте а хӀоттош, кечдинарг. Цу хенахь Абу Айюб (Дела реза хуьлийла цунна) дезткъа шаре ваьлла вара. Амма мел къена велахь а, Язидан байракхна кӀел ван а, иштта Делан некъахь хӀордан татолаш хедо а цхьа а дуьхьало яцара цунна. Делахь а мостагӀчух леташ цхьа кӀеззиг хан яьлча, цамгаро а лаьцна, тӀом ца балуш кӀелвисира Абу Айюб (Дела реза хуьлийла цунна). Цуьнга хьажа веанчу Язида цуьнга элира: «ХӀумма а оьший хьуна, хӀай Абу Айюб?».

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Бусалба нехан эскаршка соьгара салам-маршалла ло, цаьрга ала: «Абу Айюба шуьга весет до, мостагӀчун латтанаш долчухьа мелла а кӀоргге чу гӀо, иштта ша а дӀахьо шайца цхьаьна, Константинополехь шайн когашкахь со дӀаволла а, – аьлла». Цул тӀаьхьа шен тӀаьхьара са даьккхира цо.

Бусалба нехан эскарша кхочушбира Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабан лаам. Юх-юха мостагӀчун эскарна тӀелеташ, шайца Абу Айюб а (Дела реза хуьлийла цунна) вуьгуш, Константинополе кхаччалц дӀадахара бусалбанийн эскарш. Цигахь цунна каш а даьккхина, цу чу дӀавоьллира цара иза.

***

Дала къинхетам бойла Абу Айюбах! ЦӀеначу дойн баккъаш тӀехь, Делан некъахь ша дӀакхалхаре сатийсина а вар-кха иза…. Дезткъа шаре волуш дӀакхелхира иза.